

## M-CHAT

Tanpri ranpli fòm sa a ki konsènan jan ptit ou a konn aji. Tanpri eseye reponn chak gress gress késyon. Si konpòtman an konn rive raman (kidonk, ou konn wè li yonn oubyen de fwa konsa), reponn konmsi timoun nan pa te janm gen konpòtman sa a ditou.

- |   |    |     |
|---|----|-----|
| 1. Èske ptit ou an renmen lè w'ap sekwe li, oswa lè w'ap balanse li sou jenou ou, elatriye?   | Wi | Non |
| 2. Èske ptit ou an konn enterese nan lòt timoun parèy li ?  | Wi | Non |
| 3. Èske ptit ou an konn renmen grenpe pou li monte sou bagay, tankou eskalye?   | Wi | Non |
| 4. Èske ptit ou an konn renmen jwe koukou/Apa li, kach kach liben/lago kache<br>(peek-a-boo/ hide-and-seek)?  | Wi | Non |
| 5. Èske ptit ou an janm fè tankou, pa ekzanp, l'ap pale nan telefòn , oubyen l'ap pran<br>swen yon pope, oubyen l'ap pretann l'ap fè lòt bagay kèlkonk?         | Wi | Non |
| 6. Èske ptit ou an janm lonje dwèt (lendèx) li pou li vize yon bagay l'ap mande?  | Wi | Non |
| 7. Èske ptit ou an janm lonje dwèt (lendèx) li pou li vize, epi montre yon bagay ki<br>enterese li?   | Wi | Non |
| 8. Èske ptit ou an konn jwe byen ak ti jwèt piti (tankou ti machin, oubyen ti blòk an bwa)<br>san li pa foure yo nan bouch li, manipile yo, oubyen lage yo atè? | Wi | Non |
| 9. Èske ptit ou an janm pote bagay devan ou (kòm paran) pou li montre ou yon bagay?   | Wi | Non |
| 10. Èske ptit ou an konn gade ou nan zye pou plis pase yonn oubyen de segonn?   | Wi | Non |
| 11. Èske ptit ou an janm parèt tankou li trò sansiv pou li tande bri (kidonk, li konn bouche zòrèy li)?   | Wi | Non |
| 12. Èske ptit ou an janm souri lè l'ap gade figi ou, oubyen lè li wè w'ap souri ba li?  | Wi | Non |
| 13. Èske ptit ou an konn imite ou? (kidonk, si ou fè yon grimas, èske ptit ou an ap fè<br>menm grimas la tou?)  | Wi | Non |
| 14. Èske ptit ou an reponn lè ou sèvi ak non li pou ou rele li?   | Wi | Non |
| 15. Si ou lonje dwèt ou sou yon jwèt nan chanm nan, èske ptit ou an ap voye je sou li?  | Wi | Non |
| 16. Èske ptit ou an mache?  | Wi | Non |
| 17. Èske ptit ou an konn gade bagay li wè w'ap gade?  | Wi | Non |
| 18. Èske ptit ou an fè mouvman ki dwòl ak dwèt li, tou pre bò figi li?  | Wi | Non |
| 19. Èske ptit ou an konn eseye atire atansyon ou pou fè ou gade aktivite l'ap fè?   | Wi | Non |
| 20. Èske ou janm mande tèt ou, si ptit ou an soud?  | Wi | Non |
| 21. Èske ptit ou an konprann sa moun di?  | Wi | Non |
| 22. Pafwa, èske ptit ou an konn fikse zye li sou anyen, tankou zye li yo ap flannen<br>toupatou nan levid?  | Wi | Non |
| 23. Èske ptit ou an konn gade figi ou pou li wè ki reyakson ou, lè li devan yon bagay<br>li pa twò rekònèt?   | Wi | Non |